

taiga	tayiga	byòm ki osid toundra a.
taxonomy	taksinomi	Branch byoloji ki gwoupe ak lonmen òganis yo selon etid karakteristik komen yo; byolojis ki etidye taksinomi rele taksinomis.
technology	teknoloji	Itilizasyon pratik enfòmasyon syantifik.
telophase	telofaz	Dènye etap mitoz; pandan etap sa a, nouvo selil yo prepare pwòp egzistans endepandan yo.
temperature	tanperati	Yon mezi mwayèn enèji sinetik patikil nan yon echantyon matyè.
temperature inversion	envèsyon tanperati	Li ogmante an tanperati ki gen wotè nan yon nivo atmosferik, ki envèse relasyon ant tanperati ak altitud epi ki ka agrave pwoblèm polisyon lè.
tension	tansyon	Non espesifik pou fòs yon kòd oswa yon fil egzèsè.
theoretical yield	pwodiksyon teyorik	Nan yon reyaksyon chimik, se kantite maksimòm pwodui ki ka fèt nan yon kantite reyaktif konsidere.
theory	teyori	Yon esplikasyon ki baze sou anpil obsèvasyon pandan eksperyans ki repete; esplikasyon an valab sèlman si li konsistan avèk obsèvasyon yo, si li fè prediksyon ki ka teste, epitou si li reprezante esplikasyon ak obsèvasyon ki pi senp yo.
thermal energy	enèji tèmik	Yon mezi mouvman entèn patikil yon objè.
thermocline	tèmoklin	Kouch tranzitwa oseyan ki ant kouch sifas relativman cho ki klere ak solèy ak kouch anba ki trè frèt, sonm ak dans epi ki fòme avèk tanperati ki diminye rapidman avèk nan entansite.
thermometer	tèmomèt	Enstriman metewolojik ki itilize pou mezire tan; li gen ladan yon kolòn mèki oswa alkòl ki ogmante ak monte lè li fè cho epi ki diminye ak desann lè li fè frèt.
thermonuclear reaction	reyaksyon tèmonikleyè	Yon reyaksyon fizyon nikleyè.
thermosphere	tèmospfè	Kouch atmosfè tè a ki lokalize anwo mezopoz la epi ki genyen sèlman yon pòsyon minit mas atmosfè a.
tide	mare	Monte ak desann peryodik nivo lanmè a akòz atraksyon gravitasyon pami tè a, lalin nan ak solèy la.

titration	titraj	Pwosis ki pèmèt itilizasyon reyaksyon netralizasyon asid-baz pou detèmine konsantrasyon yon solisyon konsantrasyon enkon.
topographic map	kat topografik	Kat ki itilize liy koub ipsometrik, senbòl ak koulè pou montre chanjman nan altitud sifas tè a ak karakteristik tankou montay, pon ak rivyè.
tornado	tònad	Kolòn lè vyolan k ap fè toubyon ki an kontak avèk tè a; li fòme lè direksyon ak vitès van an chanje sanzatann avèk wotè a; li asosye souvan avèk yon sipèsèlil epi li ka lakòz anpil domaj.
torque	momman tòsyon	Yon mezi fason yon fòs lakòz wotasyon avèk efikasite; li egal a fòs la miltipliye pa bra levye a.
trade winds	alize	Sistèm global van ki soufle a 30° latitud nò ak sid, kote lè a bese, chofe epi retounen nan ekwatè a nan direksyon lwès.
trajectory	trajektwa	Wout yon pwojekttil fè atravè lespas.
transformer	transfòmator	Yon aparèy ki ka diminye oswa ogmante vòltaj yo nan sikui AC (kouran altènatif) avèk pèt enèji ki piti relativiman.
transistor	tranzistò	Yon aparèy senp ki fòme avèk sibstans semi-kondiktè dpoe ki ka aji kòm yon anplifikatè pou konvèti yon siyal fèb an yon siyal ki pi fò.
transition elements	eleman tranzisyon	Gwoup eleman nan tablo peryodik modèn ki deziyen avèk yon B (1B jouk 8B) epi ki divize annapre an metal tranzisyon ak metal tranzisyon enteryè.
transverse wave	onn transvèsal	Yon onn mekanik ki vibre pèpandikilè ak direksyon mouvman onn lan.
tropical cyclone	siklòn twopikal	Gwo tanpèt wotatif ki gen presyon ba ki pran enèji li nan evaporasyon dlo cho oseyan ak nan degajman chalè.
tropics	twopik	Zòn tè a ki resevwa pifò radyasyon solèy la; anjeneral zòn sa a cho pandan tout ane a, epi li lokalize ant 23.5° sid ak 23.5° nò ekwatè a.
troposphere	twoposfè	Pi ba kouch atmosfè tè a kote gen tan epi kote n ap viv; li gen tanperati ki diminye anjeneral avèk altitud ki ogmante.
trough	kre	Pi ba pwen yon onn.

tsunami	radmare	Gwo onn puisan oseyan mouvman vètikal fon lanmè jenere pandan yon tranblemanntè; nan dlo ki pa twò fon, li ka fòme gwo brizan ki deplase vit, ki depase 30 mètr nan wotè epi ki ka domaje zòn kòt yo.
----------------	----------------	---